**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ АЎЫЛ ҲӘМ СУЎ ХЛЖАЛЫҒЫ МИНИСТРЛИГИ**

**ТАШКЕНТ МӘМЛЕКЕТЛИК АГРАР УНИВЕРСИТЕТИ НӨКИС ФИЛИАЛЫ**

«ЗООТЕХНИЯ» факультети

«Фермер хожалыгын басқарыў ҳәм жүритиў»
4-курс тәлим бағдары

**Фермер хожалығын басқарыўда илимий изертлеў тийкарлары**

**менен пәнинен**

**« Қарақалпақстанда лизинг қатнасықларының раўажланыўының өзине тән өзгешелиги» темасына жазылған**

# Курс жумыс


**Таярлаған:** **Жолдасбаев А.**

**Қабыллаған:** **Сейтимбетов К.**


**Нөкис 2015**

# Қарақалпақстанда  лизинг қатнасықларының раўажланыўының өзине тән өзгешелиги

МАЗМУНЫ

**КИРИСИЎ**

Тийкарғы бөлим

1.1. Фермер хожалығын раўажландырыўда техникалардың тутқан орны ҳәм роли

1.2. Фермер хожалық кәрханаларына техникалық хызмет көрсетиўди шөлкемлестириў ҳәм жақсылаў жоллары

1.3. Фермер хожалықларын мәмлекетлик қоллап-қуўатлаў илажлары ҳәм оларды жетилистириў жоллары

**ЖУЎМАҚЛАЎ**

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР**

## Кирисиў

Ҳәзирги заман аграр сиясатында ең зәрүр тараўлардан бири фермер хожалық индустриал потенциалын беккемлеў, бул тараўда барлық мийнет процессин механизациялаў, көбирек пайда алыў, жоқары өнимдарлыққа ерисиў баслы мәселелердиң бири есапланады. Фермер хожалығында күшли материаллық-техника базасын пайда еткенде ғана, өз ислеўши күши арқалы көбирек өним жетистириў имканиятын таратыў мүмкин. Фермер хожалығында ислеп шығарыўды пән-техника раўажланыўы тийкарында интенсивлеў, мәмлекетимизде ҳүким сүрип атырған әҳмийетли мәселелердиң бири. Мәмлекетимиз фермер хожалық машина сазлығына үлкен капитал қаржылар ажыратады ҳәм бул тараўды раўажландырыў ушын трактор, комбайн ҳәм автотранспорт қураллары менен тәмийнлеў, барлық ең баслы егинлерге комплексли механизация жәрдеминде қараўды жолға қойыў шараларын көреди.

Кейинги жылларда фермер хожалық тараўына хызмет көрсетиўши машина-трактор парклеринде сан ҳәм сапа жағынан сезилерли өзгерислер жүз берди. Буған себеп мәмлекетимиз шет ел компаниялары менен шәртнамалар дүзип, республикамызға шет ел фермер хожалық техникаларын алып келди. Сол себепли фермер хожалығына хызмет көрсетиўши инфраструктуралар ҳәрекети жылдан-жылға раўажланып бармақта. Бунда пахташылық ҳәм салыгершилик тараўының раўажланыўын айтып өтиў лазым.

Ҳәзирги күнде пахташылық ушын көплеген машиналар дизими жаратылған болып пахта жетистириўде тийкары процессин қысқа мүддетте жоқары агротехниканы бежериў, майдан ҳәм зүрәәт бирлиги есабына мийнет сарпларын кескин кемейтиў ҳәм сол тийкарда экономикалық нәтийжеликке ерисиў имканын береди.

Ҳәзирги ўақытта МТП лерге хызмет көрсетиў ҳәм ремонт қылыўда түптен жақсылаў индустриал усылларын кең тарқатыў менен байланыслы.

Бул илажлар илимий техника раўажланыўы, фермер хожалығында ислеп шығарыўды материаллық техникалық базасын раўажландырады ҳәм беккемлейди. Қурамалы машиналарды ислейтуғын механизаторлар техник хызмет көрсетиўдиң барлық операциалары бәрқулла өз-ўақтында ҳәм сапалы ислей алмайды. Бул жағдай машаналардың техник себеплерге байланыслы тозып қалыўына алып келеди. Машиналардың техник сазлығы олардан жыл даўамында үнемли пайдаланыўдан зәрүрли шәрт есапланады. Бирақ бул ислерде айтарлықтай кемшиликлери жол қойылмақта, хожалықларда машиналарға техник хызмет көрсетиў мүддетлери бузылмақта, трактор ҳәм пахта териў машиналары көбинше ўақтынан алдын капитал ремонтқа қойылмақта.

Өз гезегинде капитал ямаса ағымдағы ремонтлардың ўақтынан алдын өткизилиўи хожалықтың МТП ине эксплуатация қылыўға сарплайтуғын қәрежетлерин асырады, фермер хожалығында ислеп шығарыўдың улыўма нәтийжелилигин пәсейтеди. Мине, бул жоқарыдағы қәте кемшиликлерди қайта көрип шығыў, қадағалаў арқалы МТП деги техникалардың хызмет көрсетиў мүддетин узайттырыў мүмкин.

Ҳәзирги ўақытта республикамызда фермер хожалығына хызмет көрсетип атырған фермер хожалық техникаларда жумсалатуғын шығынлардың көплиги (оларға, амортизация ажыратпасы, лизинг хызмети ушын төлем, арнаўлы материаллар, техник қәрежетлер, мийнет ҳақы) техникалардан пайдаланыў баҳасының жоқарылығына алып келмекте. Бул хызмет көрсетиў баҳасының қымбатлығының және бир себеби бул шет еллерден алып келинген техникалардың шет ел валютасының курсының өсип барады.

Курс жумысында фермер хожалық техникаларынан жумсалатуғын шығынларды кемейтиў ҳәм сол арқалы хызмет баҳасын арзанлатыў, жоқары нәтийжеликке жоллары үйренилген. Бунда фермер хожалығындағы техникалар менен хызмет көрсетиўде, пайдаланыўшылар талабын үйрениў,

сол тийкарда сервис хызмети түрлери, оларды әмелге асырыў ушын керекли техника қураллары системасын белгилеў, хызмет муғдары ҳәм оның баҳасын анықлаў, хожалықларда есап-санақ жумысларын дурыс ҳәм анық алып барыў, пайдаланыўшылардың төлеў қәбилетлигин анықлаў усыллары питкериў бакалавр жумысында анализиленген.

Курс жумысының тийкарғы мақсети болып Қарақалпақстан Республикасында фермер хожалығын техникалар менен тәмийинлеў машқалаларын шешиў жолларын изертлеў болып есапланады.

Қойылған мақсетлердиң әмелге асыўы төмендеги ўазыйпаларды шешиўге қаратылған:

- базар экономикасына өтиў дәўиринде аўыл хожалығында фермер хожалықлары дәрежесин көтериў Өзбекстан мәмлекети сиясатының тийкарғы ўазыйпасы екенлигин көрсетиў;

- республиканың аўыл хожалығында фермер хожалықларына сыртқы экономикалық хызметинде маркетингти пайда етиўдиң мақсетке муўапықлығын теориялық тәрептен тийкарлаў;

- экономиканы еркинлестириў ҳәм реформаларды тереңлестириў жағдайында фермер хожалығына сервис хызметин көрсетиўши кәрханалар хызметин жәнеде шөлкемлестириўге тийисли усыныслар ислеп шығыў.

## 1. Фермер хожалығын раўажландырыўда техникалардың тутқан орны ҳәм роли

Фермер хожалығында экономикалық реформаларды әмелге асырыў мәмлекет Президенти тәрепинен ислеп шығылған дәстурли әмеллер тийкарында, оның ҳәзирги басқышында алып барылып атырған ислердиң кең көлемлилиги бир неше бағдарларды өз ишине алатуғын ҳәм тийкарғы мақсет жер, мүлк сондай-ақ өнимниң ҳақыйқый ийелерин қәлиплестириў арқалы тараўдың нәтийжелигин асырыўға қаратылғанлығы менен характерленеди.

Бул стратегик илажлар Өзбекстан Республикасы Президенти пәрманы менен тастыйықланған 1998-2000 жыллардағы дәўирде фермер хожалығында экономикалық реформаларды тереңлестириў дәстүринде өз көринисин тапқан.

Өзбекстанда ҳәм Қарақалпақстан Республикасында Фермер хожалығы тараўы өндирис көлеми, халықтың бәндлиги ҳәм экспорт салмағы бойынша экономиканың ең ири тараўы болып есапланады.

Бүгинги күнге келип фермер хожалығы ишки товар айланысының 70 проценти, мәмлекетке валюта түсиминиң 55 проценти ҳәм усы тараў үлесине жалпы ишки өнимниң 30 процентке жақыны туўра келмекте. Фермер хожалығы тараўындағы мийнетке жарамлы пухаралардың 44 процентке жақыны бәнт.

Орайлық Азия республикалары арасында Өзбекстан үлкен экономикалық қүдиретке ийе болып санааты ҳәм фермер хожалығы раўажланыўының көпшилик көрсеткишлери менен ажыралып турады. Дүнья жүзи тәжирийбесинен бизге мәлим, фермер хожалығы миллий экономикада санаат тармақларын зәрүр шийки зат ресурслары менен халықты, пухараларды керекли азық-аўқат өнимлери менен тәмийинлеп турады. Соны айрықша айтыў керек турақлы экономикалық өсиў хәр қандай мәмлекеттиң тийкарғы экономикалық ҳәм сиясий мақсети болып есапланады. Усы мақсетлерге ерисиў ушын экономикада өндирислик ҳәм финанслық

ресурслардан нәтийжели пайдаланыўға тосқынлық етиўши ҳәм экономикалық өсимге кесент ететуғын жағдайлардың шешими таўып алыўымыз керек.

Фермер хожалығының финанслық дүзимин реформаластырыўды улыўма экономикалық сондай-ақ фермер хожалығы финанс мәселелерин анық есапқа алған ҳалда алып барыў лазым.

Фермер хожалығы кәрханаларда пайдаланыў мәниси, мазмуны, мақсети ҳәм ўазыйпаларын көрип шығыўдан алдын, республика экономикасында Фермер хожалығы тараўының тутқан орны, оның дәрежесиниң мәселелериниң қысқа болса да көрип шығыў мақсетке муўапық болады.

Ҳәммемизге мәлим Өзбекстан Республикасының базар қатнасықларына өтиўи, оның экономикадағы басқа тармақлар сыяқлы фермер хожалығы тармақларының алдын да үлкен жууапкерли ўазыйпаларды қойып, реаль экономика тараўлары арасында тийкар ролиниң  турақлы өсип тараўына тийкар жаратады.

Өзбекстан Республикасының экономикасы ҳәзирги ўақытта көп тармақлы регионаллық өндирис комплексинен  ибарат. Өндирисди қәнийгелестирилген тармақлар олардың негизин қурайды. Яғный газ санааты, реңли ҳәм қара металлургия, машинасазлық (тийкарынан фермер хожалығы машинасазлығы) пахта тазалаў, тоқымашылық, консерва ҳәм басқа да  усы сыяқлы ең әҳмийетли санаат тармақлары киреди.

Орайлық Азия да Өзбекстан Республикасы өзиниң үлкен экономикалық қудиретне ийе болып, санааты, сондай-ақ фермер хожалығының  раўажланыў дәрежеси, көрсеткишлери менен ажыралып турады.

Өзбекстан Республикасы индустриал аграр мәмлекет болып есапланады. Оның экономика тийкарынан аграр тараўдан турады, бул тараўдың үлесине жалпы ишки өнимниң үштен бир бөлеги туўра келеди. Егер Республика индустриал қуўатының ярымы фермер хожалығы өнимлерин қайта ислеўши кәрханалар болғанлығын есапқа алсақ, ол жағдайда жалпы ишки өнимди

ислеп шығарыўдың ярымынан артық бөлеги аграр тараўға туўры келеди. Бул тараў Өзбекстан экспортынан келетуғын дараматтың ең үлкен бөлегин тәмийинлейди.

Өзбекстан Республикасы макроэкономикалық ҳәм статистика ўәзирлигиниң мағлыўматларына қарай, соңғы жылларда эскпорт товарлары ишинде пахта таласы орта есапта 38-41 процентти қурайды. Бул өз гезегинде сыртқы экономикалық хызметлерден келип түсетуғын мәмлекет дәраматларының тийкарғы бөлегип қурайтуғынлығын көрсетип береди.

Буннан тысқары республика халқының 60 проценттен артық бөлеги фермер хожылықлары, фермерлық жерлерде жасайды. Өзбекстанда жер ҳәм суў ресурслары аграр тараў өндирсиниң тийкары болып есапланады. Жер ҳәм суў ресурслары Республика аймағының 72 процентин қурайды. Республика суў лимитиниң 88 процентке жақынын аграр тараўда пайдаланады. Бул өз гезегинде жер ҳәм суў ресурсларының Өзбекстан экономикасының раўажланыўда баслы фактор болып есапланады.

Фермер хожалығына бағдарланған инвестицияларының артып барыўына қарамастан, соңғы бес жылда тийкарғы фермер хожалығы өнимлери бойынша өнимдарлық өспеди. Соңғы 25 жыл ишинде алып барылған анализ нәтийжелерине қарай, республика бойынша пахта өнимдарлығының орташа өними 26-29 ц/га-дан аспады. Егер 1971-75-жылларда орташа 28,5 ц/га-ны, 1981-85-жылларда орташа 26,7 ц/га болған болса, 1991-96-жылларға келип бул көрсеткиш орташа 24,3 ц/га-ға, төменлеп кетти. Демек, анализ нәтийжелери өткен жылларға салыстырғанда орташа өнимдарлықтың кемейип баратырғанын көрсетеди.

Соның ушын ғәрезсизликтың биринши жылларынан баслап республика ҳүкимети фермер хожалығын реформаластырыўға айрықша итибар каратады. Соңғы жылларда бул тараўда әмелге асырылған ислер фермерда аграр ҳәм экономикалық қатнасықларды реформалаўдың ҳуқықый тийкарларының пайда болып атырғанлығын көрсетеди.

Ғәрезсизликтиң дәслепки жылларында қабыл етилген «жер ҳаққында» ғы, «Дийхан хожалықлары ҳаққында» ғы, «Ижара ҳаққында» ғы ҳәм басқа да бир қатар нызам ҳүжжетлери, Президент пәрманлары ҳүкимет қарарлары фермерда жаңа ҳуқықый қатнасықларды ең жайдырыў, көп укладды экономиканы қәлиплестириў, исбилерменликти, фермер ҳәм жеке хожалықларды раўажландырыў имканын жаратады.

Ҳәммеге мәлим фермерда хожалық механизминиң жаңа тийкарлары, фермер хожалығын финанслық тәмийинлеў ҳәм қамсызландырыў жетистирилген өним ҳәм фермерға берилген фермер хожалығы техникасы, жанылғы минерал төгинлер ушын өз-ара есап китаплардың жаңа дизими ислеп шығылды ҳәм қолланылды.

Фермер хожалығы кәрханаларының экономикалық еркинлиги кеңейди. Фермер хожалығы өнимлери сатып алыўда, шәртнамалы нархлар системасы кең қолланыла баслады. Буннан тысқары фермер хожалығында шөлкемлестириў ҳәм қурамалы өзгерислер әмелге асырылды. Бул тараўда басқарыўдың принциплери ҳәм системалары өзгермекте.

Фермер ҳәм суў хожалығын басқарыўдың қурамын жетилистириў олардың өз-ара биргеликте ислесиўин тәмийинлеў мақсетинде жеке фермер ҳәм суў хожалығы ўәзирлиги шөлкемлестирилди. Фермер хожалығына агросервис хызмет көрсетиў ҳәм олардың материал техник тәмийинлеў системасы жетилистирилди ҳәм усы мақсетте машина трактор парклери пайда болды.

Фермер хожалығында өним жетилистириў мәўсимли характерге ийе.

Бул тараўда пайданың тийкарғы көпшилик бөлеги гүзде яғный өним сатылғаннан кейин қәлиплеседи.

Соның ушын фермер хожалығында пайда тийкарғы жамғарма ҳәм инвестиция көрки сыпатында өндиристи қайта шөлкемлестириўде әҳмийетли орын тутады. Базар экономикасы шараятында кәрханалардың финанслық хызмети олардың мәмлекет, басқа кәрханалар ҳәм шахслар менен өз-ара

қатнасықларын тәртипке салыў менен байланыслы есап китапларды анықлайды. Хожалықтың финанслық аўҳалы олардың айланба қаржылары менен тәмийинлеўши қаржыларыдың жайластырылыўы ҳәм олардан туўры пайдаланыўды, мәмлекет бюджети, банклерде өним ислеп шығарыўшылар менен алып барылатуғын есап-китаплардың аўҳалы көрсетиледи. Соны айрықша көрсетиў лазым кәрханалардың финанслық жағдайы, баҳасына байланыслы.

Фермер хожалығында кәрханаларға техникалық хызмет көрсетиў ҳәм техника ремонты әҳмийетли ресурсларды тепеўши илажлар болып есапланады.

Базар экономикасы шараятында техникалық қуралланыў, әсиресе пахта жетистириў, дән өнимлерин жетистириў тараўларында техникаларға хызмет көрсетиў ҳәм техника ремонты жумыслары комбинацияланған системаға айланып баратыр, бул өз гезегинде белгили бир операцияны орынлаўлары шәртли деп, ал кейинги операция жумысларын талапқа қарай отырып яғный зәрүрлик туўылған жағдайда, техникалық көриктен өткериў ҳәм диагнозтика жолы менен анықлайды. Бундай фермер хожалығы кәрханаларына техникалық хызмет көрсетиў ҳәм техника ремонты жумысларының системасы, мийнет сыйымлылығын азайтыўға, запас бөлеклерин ҳәм ремонт материалларын қысқартыўға мүмкиншилик береди.

Техникалық хызмет көрсетиў ҳәм техника ремонты системасы төмендеги ремонтлаў хызмет көрсетиў тәсирин нәзерде тутады:

Фермер хожалығы кәрханаларында техникалық хызмет көрсетиў ағымдағы ҳәм капитал ремонт жумысларын алып барыў. Кейинги жылларда ҳәр бир районларда сервисли хызмет көрсетиў бойынша машина трактор парки шөлкемлестирилди.

Фермер хожалығында ҳәзирги күнде суўдың кем-тарыслығына қарамастан районларда өз ўақтында егиў жерлерге силеў бериў ушын фермер хожалығында машина трактор паркиниң роли үлкен. Фермер хожалығ

кәрханаларда 1999-жылдың май айына 168,1 мың гектар жерге егин егилип соның ишинде 16,4 мың гектар дәнли, соннан 1,9 мың гекмары бийдай 1,1 мың гектары салы, 13, 2 мың гектары туқымлы мәкке, 126,3 мың гектары улыўма техникалық егинлер, соның ишинде пахта 121,1 мың гектарға 5 мың гектарға қант ләблебиси, картошка 0,1 мың гектарға, 2,5 мың гектарға улыўма палыз егинлери, 2,3 мың гектарға бағша өнимлери, 20,4 мың гектарға от-шөп егинлери егилген еди.

Бул жоқарыда айтып өтилген фермер хожалық жумысларына республикадағы машина трактор паркиндеги аўҳал менен танысып шығамыз. 2008-жылдың октябрь айының 1- сәнесине республика бойынша 2171 сүрим тракторынан 1026 сы 193 Магнум нан 56 сы 4057 егис тракторынан 1061 и 3048 транспорт тракторынан 884 и , 1743 трактор тиркеўшилери 756 дән комбайны соның ишинде, 730 салы жыйнайтуғын комбайн, 1073 трактор культивацияторлары, 192 плуглар, 413 пахта териў машиналары, 102 туқым себиў тракторы ҳәм басқа да көплеген техникалар таярланбаған.

Республикамыздың көплеген район хожалығында фермер хожалық техникаларын ремонтлап таярлаў жумысларының пәти пәс. Бул әсиресе Мойнақ, Шымбай, Кегейли, Шоманай районлары хожалықларында ушырасып атыр.

Сонын менен бирге фермер хожалығы кәрханаларында техникалардың саны истен шығып қалғаны себепли жыл сайын кемейип бармақта. Бундай аўҳал фермер хожалық кәрханаларының экономикалық нәтийжелигине кери тәсир көрсетиўи сөзсиз.

Базар экономикасына өтиў ҳәм бир фермер хожалық кәрханалары өз қәрежетлерине өзлери ийе болып өзине керекли машина тракторды өзи қәлеген түрлерин сатып алыў мүмкиншилигин алды.

Бул машина тракторларды алғандағы тийкарғы критерия олардың ис өнимдарлығы жанар майды сарплаўы, ремонт талап етпей жүриў ўақтының көплиги ҳәм тағы басқалар. Усының менен бирге Өзбекстан

Республикасында фермер хожалық машина тракторларын ислеп шығарыў санааты кеңнен раўажланып атыр.

Буның айқын дәлийли ретинде, Ташкент қаласында жайласқан фермер хожалық машиналарын ислеп шығарыў заводы, Американың «Кейс корпорейшн» компаниясы менен бирликте, атыз жумысларын ислеўши жергилили шараятқа сәйкес тракторлар пахта териў машиналары  ҳәм дән өнимлерин орып жыйнаўшы комбайнларды ислеп шығарыўды жолға қояды.

Сондай-ақ  Чирчик қаласында запас бөлеклерди жеткерип бериўши завод ислеп тур. Андижан қаласында пахтаның шигитин егиўши селкалардың заманагөй түрлерин ислеп шығарыў атыр.

Республика фермер хожалық кәрханалары фермер хожалық техникаларының барлық қәлеген түрлерин, республиканың машина трактор паркинен лизинг шәртнамасы тийкарында  мәўсимлик егис жумыслары ҳәм өнимлерди жыйнаў, тасыў ўақтында оларды ижараға алып пайдаланыў мүмкиншилигине ийе. Бул өз гезегинде фермер хожалық кәрханаларының жетиспей атырған машина тракторларына болған талапты қанаатландыра алыў мүмкиншилигинен пайда болды.

## 2. Фермер хожалық кәрханаларына техникалық хызмет көрсетиўди шөлкемлестириў ҳәм жақсылаў жоллары

Соңғы ўақытларда Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси тәрепинен қатар нызамлар ҳәм Өзбекстан Республикасы ўазирлер Кеңеси тәрепинен көплеп қарарлар қабыл етилди. Сондай-ақ олар арасында фермер хожалығы, дийхан фермер хожалықлары ҳаққында бир неше әҳмийетли нызам ҳүжжетлери қабыл етилди. Усы нызамлар, пәрманлар ҳәм қарарлар Өзбекстан Республикасында да әмелге асырылып атырған экономикалық реформаларды және де тереңлестириўге, ҳүкимет тәрепинен мәмлекет де маркоэкономикалық турақластырыў саласында әмелге асырылып атырған илажларды экономиканың реал секторларын раўажландырыўға, қоллап қуўатлаўға, фермер хожалығы ҳәм исбилерменлик хызметин және де раўажланыўға итибар бермекте. Себеби дән жетистириўди арттырыў ушын өзимиздеги бар мүмкиншиликлерден жетерли дәрежеде пайдаланылмай атыр.

Фермер хожалығы кәрхананың тармақ қәсийетлери олар пайдасын асырыўда зәрүр әҳмийетке ийе. Соның ушын пахташылық ҳәм дән жеткериўге қәнийгелескен хожалықлар пайдасы басқаларға салыстырғанда жоқарырақ болады.

Себеби республика бойынша бийдайға талап жүдә үлкен ҳәм ол күнделик ун ҳәм дән өнимлери жетистириў ушын ислениледи. Пахта бул мәмлекет дараматының, яғный республикамыздың сыртқы,экономикалық хызметинен келип тусетуғын дараматтың дерлик 40 процентин тәмийинлейди.

Фермер хожалық кәрханаларының қәнигелестирилиўи бойынша дән жетистириў бойынша соңғы жылларда унамлы өзгерислерге ериспекте. 1998-жылда бийдай жетистириў жәми дән жетистириў көлеминиң 77 процентин қураған болса, 1999-жылда 81,1 процентти пайда етти.

Жоқарадағылардан жуўмақ етиў мүмкин, фермер хожалығы тараўы ири механизацияланған тараў сыпатында республикамыз экономикасында жүдә үлкен роль ойнайды.

Фермер хожалығын раўажландырыў Өзбекстан Республикасы экономикасының керекли бағдар бағдарларының бири болып есапланады. Фермер хожалығы тараўы халықтың зәрүр азық-аўқат өнимлери, ҳәр қыйлы санаат тараўларын шийки зат пенен тәмийинлейди. Сол себепли ғәрезсиз Республикамыздың келешеги, фермер хожалығында экономикалық реформаның алып барыў дәрежесине байланыслы.

Фермер хожалығы кәрханалары ҳәм басқа кәрхана шөлкемлери аз балансы айланба қаржыларға есап бетине ийе екенлигин есапқа алатуғын болсақ, усы тараўда бәркулла зәрүрлик болады. Әлбетте мийнет өнимин жаратыў процесси төмендеги 3 элементти өз ишине алады:

Мийнет предмети; мийнет қураллар; фермер хожалық өндириси процессинде сарпланатуғын жанлы мийнет дийханшылық, шарўашылық, кәрхананың басқа да тармақларында пайдаланылған қәнийгелер мийнети болып есапланады.

Өндирис процессинде мийнет предметлериниң қуны толық түринде, таяр өнимге өткериледи. Фермер хожалық өндирисинде туўры нәл, от-жем, жанылғы ҳәм майлаў материаллары , запас бөleклер ҳәм тағы басқалар мийнет предметлерине киреди. Соны айрықша айтыў керек фермер хожалық өндирисинде көп муғдарда минерал ҳәм мийнет ресурслары сарп етиледи. Өндирис ҳәрекетлерине мийнет қуралларының барлық қуны емес, бәлки олардың ескериў амортизация қуныныа өткерилип барылады.

Бизге мәлим Өзбекстан Республикасында Президенттиң 1994-жыл 30-ноябрьдеги УП-1014 санлы «Өзбекстан Республикасында салықларды хошаметлеў ролин арттырыўдың тийкарғы бағдарлары» ҳаққындағы парманына муўапық 1995-жылдың 1-январынан баслап амортизация ажыратпалары хожалықлардың өзлеринде қалатуғын болды.

Фермер хожалығы кәрханаларында пайданы (дараматты) қәлиплестириў ушын хожалықлар белгили бир қәрежетлерди әмелге асырады. Бул қәрежетлер ишинде тиккелей ҳәм тиккелей емес ҳәрекетлери зәрүр әҳмийетке ийе. Өнимниң өзине түсер баҳасына киргизиў усылына қарап шығынлар тиккелей ҳәм тиккелей емес шығын қәрежетлерге бөлинеди. Белгили бир өним жетистириў менен байланыслы болған, қәрежетлер ҳәм белгили егин түрлерине туўрыдан туўры қойыў мүмкин болған сарп қәрежетлер тиккелей қәрежет шығынлары делинеди.

Белгили бир өним жетистириў қәрежетлерине тиккелей қосып барылмайтуғын сарп қәрежетлер тиккелей емес қәрежет шығынларын пайда етеди. Бундай қәрежетлери бир неше түрли егинлерди егиў шарўа-үйимлерин асыраў ҳәм ҳәр қыйлы ислерди орынлаў менен байланыслы. Тиккелей емес қәрежетлери өндирилген өним ҳәм орынланған ислер ортасында белгили бир көрсеткишке тереҳ бөлистириледи. Бундай қәрежетлерге мысалы: трактор ҳәм басқа фермер хожалық машиналарының амортизация ҳәм ремонтлаў қәрежетлери. Суўғарыўдың улыўма қәрежетлер шығынларын киргизиў мүмкин.

Бухгалтерлер бир неше қәрежетлердиң көп бөлегин өним яки орынланған ислердиң өзине түсер баҳасына тиккелей өткериўге ҳәрекет етиўлери керек.

Қәрежетлердиң тиккелей емес жол менен өзине түсер баҳасына өткериў шәртли болатуғынлығы ушын айырым түсинбеўшиликлерде бар. Айырым жағдайларда әмелде тийкарғы қәрежетлерди тиккелей қәрежетлерди менен тереңлестириў ҳаллары ушырайды. Көпшилик тийкарғы қәрежетлер (туқым, нәл, төгин, от-жем, өним жетистириўде бәнт болған қәнигелердиң мийнет ҳақылары ҳәм тағы басқалар) өним ҳәм қуны өтиў өзине түсен баҳасына тиккелей қосылады. Лекин барлық тийкарғы қәрежетлерди мәлим бир өним өзине түсер баҳасына тиккелей жол менен қосылады. Үстем қәрежетлер бухгалтерия есабында тиккелей емес қәрежетлер болып есапланады.

Экономикалық тек ғана бир түрдеги қәрежетлерден ибарат болып, оларға ис ҳақы, туқым ҳәм от-жем сарплары тийкарғы қураллар амортизациясы ҳәм тағы басқалар киреди. Комплекс қәрежетлер бир қанша қәрежет шығынлардан ибарат болып, олар егин өзине түсер баҳасында, бир бөлеги көринисинде көрсетиледи. Мысалы: улыўма өөндирис ҳәм улыўма хожалық қәрежетлери жәрдемли өндирис,хызметкерлер, ремонтлаў қәрежетлери ҳәм суўғарыў қәрежетлерин комплекс қәрежетлерге киргизиў мүмкин. Бул қәрежетлер бир неше әпиўайы элементлерди, мийнет ҳақы, запас бөлеклер сарпы, тийкарғы қураллардың амортизациясы ҳәм тағы басқаларды өз ишине алады.

Өнимниң өзине түсер баҳасын анықлаўдағы барлық қәрежетлерди экономикалық элементлери бойынша қосыў мүмкин емес. Себеби көпшилик комплекс қәрежетлериниң (жәрдемши өндирислер хызмети улыўма өндирис ҳәм улыўма хожалық қәрежетлери ҳәм тағы басқа) айрықша есапқа алынад. Бул қәрежетлер өзине түсер баҳаға тек ғана комплекс түринде қосылады. Ҳәр бир хожалық қәрханасында төмендеги өндирис тармақлары бар:

а) дийқаншылық ҳәм шарўашылық тармағы,

б) санаат (жәрдеми) өндирис тармақлар.

в) жәрдемши өндирис

г) басқа да өндирис тармақлары.

Бул өндирис тармақларындағы жумсалатуғын қәрежетлерден тысқары өндиристи шөлкемлестириў ҳәм басқарыў қәрежетлериде бар. Айтып өтиў керек өндирис қәрежетлерин есапқа алыў ушын 2 топар өзине түсер баҳа анықлаўшы ҳәм 1 топар жыйнаўшы тарқатыўшы счетлар ажырватылған. Өзине түсер баҳасы анықлаўшы есап бетлерине төмендегилер киреди:

1 топар тийкарғы өндирис қәрежетлерин есапқа алыўшы есап бетлери (дийханшылың, шарўашылық, санаат өндириси).

2 топар жәрдемши өндирис қәрежетлерин есапқа алыўшы есап бетлери (ремонт устаханалары,жүк автотранспортлар).

Жыйнаўшы тарқатыўшы есап бетлерине улыўма өндирис ҳәм улыўма хожалық қәрежетлери есапқа алыўшы есап бетлери киреди. Жыл ақырында тиккелей емес  қәрежетлери белгиленген көрсеткишлерге тийисли түрде бөлистирилгеннен соң барлық ҳақықый қәрежетлер тармақлар бойынша ашылған қәрежетлер есап бетинде топланады. Изертлеўлер соны көрсетеди. Фермер хожалығын механизациялаў дәрежесин жоқарылатыў менен мийнетке талап дәрежеси азаяды. Соның менен бирге әҳмийетли экономикалық көркеткиши яғный өнимниң өзине түсер баҳасы, рентабеллик ҳәм мийнет ҳақы, сондай-ақ ислеўшилердиң турмыс дәрежеси жақсыланады.

Фермер хожалық кәрханаларын механизациялаў дәрежесин жоқарылатыў ҳәм нәтийжели пайдаланыўда бир неше машқалалар пайда болды. Солардан бири бизиң пикиримизше толық ҳәм рациональ пайдаланыў керек. Әсиресе барлық тракторлардан туқым себиўши агрегатлардан, комбайнлардан ҳәм басқа да  техникалардан.

Фермер хожалық кәрханаларында машина трактор паркин буннан былай да жетилистириў ушын оларды жаңа заманагөй универсаль, трактор комбайнлар менен жәрдемши техникалары менен ескерип тозыўы кеткен өзлерин әлле қашан өтеп болған машиналары тракторлардың орташа алмастырып, жаңалап барыў керек.

Сондай-ақ қолда бар техниканы ҳәр жылы фермер хожалық егин мапазы орыў жыйнаў мапазларына сапалы ремонттан шығарыў, керекли запас бөлеклерди табыў ҳәм жеткерип бериў, фермер хожалық кәрханаларының экономикалық көрсеткишине үлкен унамлы тәсир көрсетеди.

Фермер хожалығында жерге ислеў бериўде техникалардан пайдаланғанда комплексли топар етип пайдаланыўда шөлкемлестириў мақсетке муўапық. Мысалы биргеликте ислеўши комбайнлардың күнлик ислеп шығарыў нормасының дәрежеси 20,4 процентке жоқары болады.

## 3. Фермер хожалықларын мәмлекетлик қоллап-қуўатлаў илажлары ҳәм оларды жетилистириў жоллары.

Аўыл хожалығында әмелге асрылып атырған экономикалық реформалар арқалы ерисилген натийжелерге тоқталып өткенде Президентимиз өткен жылда аўыл хожалығы ислеп шығарыўының нәтийжелилигин еледе асырыў принципиал әҳийетке ийе екенлигин есапқа алып, фермер хожалықларына ажыратылған жер майданларын оптималластырыўда зәрүрли ислердиң әмелге асырылғанлығы, алдын ала зыян көрип ислейтуғын, рентабиллиги төмен ҳәм келешеги жоқ ширект хожалықларын сапластырыў негизинде шөлкемлестирилген жеке фермер хожалықлары бүгинги күнде аўылда жетекши бууынға-аўыл хожалығы өнимлерин ислеп шығарыўшы тийкарғы күшке айланғанлығын айтып өтти.

Фермер хожалығы раўажланған мәмлекетлерде узақ дәуирли тәжрийбесинде өзиниң нәтийжелилиги, бәсекеге шыдамлылығы, базар конъюнктурасына тез масласа алыўы сыяқлы қәсийетлерин өзинде көрсете алды. Соған қарап Өзбекстанда да фермер хожалықларының раўажланыўына үлкен итибар қаратылып, олардың искерлик көретиўи ушын зәрур экономикалық шәрт-шараятлар жаратылды, норматив-хуқықый тийкарлары ислеп шығылды.

Озбекстанда базар қатнасықларына өтиў шараятында фермер хожалықларының шөлкемлесиўи аграр тараўдағы реформалардың тийкарғы мазмунын қурады. Фермер хожалықларынын дүзилиўи басқышпа-бақыш ҳәм избе-из тийкарында алып барылды.

Президентимиз өз китапларында мәмлекетимизде фермер хожалықларын материал-техникалық тәмийинлеў ҳәм финансластырыў бойынша базар экономикасы принциплерине толық жуўап беретуғын исенимли система ҳәм механизмлер формаланганлығы ҳәм нәтийжели хызмет көрсетип атырганлығы өз алдына итибар қаратты.

Ҳәр жылы фермер хожалықларын қоллап қуўатлаў ушын үлкен муғдарда материаллық ресурс ҳәм қаржылар ажыратылмақта. Тек ғана өткен 2009 жылдың өзинде аўыл хожалығы өнимлерин ең зәрүр түрлерин жетистириў ушын 1 триллион сум, соннан, пахта таярлаўға 800 миллиард Сум, ғәлле жетистириўге 200 миллиард сум қаржы аванс сыпатында берилди. 2010 жылда бул мақсетлер ушын 1 триллион 200 миллиард сум ажыратылды. Аўыл хожалығы техникасын лизинг тийкарында сатып алыў бойынша арнаўлы шөлкемлестирилген Фонд есабынан бул мақсетлер ушын өткен жылы 43 миллиард сумдан зыят қаржы ажыратылған болса,  бул жылы 58 миллиард сумдан артық қаржы ажыратылыўы режелестирилмекте.

Мәмлекетимиз тәрепинен көрсетилген мине усындай итибар ҳәм әмелий жәрдем себепли 2009-жылда фермер хожалықларының аўыл хожалығы өнимлериниң тийкарғы түрлерин ислеп шығарыўдағы үлеси сезилерли дәрежеде асты.

Республикамыз фермер хожалық өндирисиниң жетилистириў, сапалы өним өндириў, көбирек пайда алыў, жоқары өнимдарлыққа ерисиў мақсетинде фермер хожалық сапалы техникалар менен тәмийинлеў ҳәм оларды эффектив пайдаланыў баслы машқаланың бири болып есапланады. Усы машқалаларда сапластырыў мақсетинде фермер хожалық техникасының нәтийжели пайдаланыў ҳәм анализ етиў зәрүр. Соның менен бирге фермер хожалығының сапалы техника менен тәмийинлеў арқалы пахташылық, салыгершилик ҳәм тағы басқа  да тараўларға миллий дәрамадқа тәсир етиў, сарп етилетуғын мийнетти азайтыў ҳәм басқа да социаллық-экономикалық машқалалардың шешилиўлерине алып келеди. Бул фермер-хожалығында яғный өндиристе узақ хызмет көрсететуғын әсбап-үскенелерге, техникаларға, имаратларға айтамыз. Бул тийкарғы қураллардың тийкарғы қәсийети олар ислеп шығарыўда узақ қатнасады ҳәм соның менен бирге өзиниң физикалық көринисин сақлап қалады.

Техникалық ислеп шығарыўда узақ қатнасқаны менен олар тозып барады ҳәм тозған бөлеги ислеп шығарыўға, ис ҳәм хызметлердиң өзине түсер баҳасына өткезиледи. Бул техникалардың тозыўы, хызмет көрсетиў нәтийжелигин анализлеўдеги баслы мақсет фермер-хожалығын еле де раўажландырыў, қандай илажлар исленген жағдайда фермер хожалығында техникаларды пайдаланыўды жетилистириў мүмкинлиги, қәрежетлерди кемейтиў, улыўма кәрхана рентабеллигин асырыў илажларын көриў мүмкинлиги көрип шығылады. Буның ушын басшылар ҳәм де арнаўлы қәнигелер экономикалық ойлаўға, техникалардан, материаллық ҳәм мийнет ресурсларынан нәтийжели пайдаланыўға деген ой пикирге терең ийе болыўы керек.

*Экономикалық анализдиң* және бир баслы мақсети техникалардан пайдаланыў нәтийжелигин асырыў ҳәм сапалы хызмет көрсетиў, шығынларды кемейтиў арқалы фермер-хожалық өнимлерин өндириўде көбейтиў, мәмлекет шәртнамасы бойынша жобаны орынлаў, рентабелликти тәмийинлеў, өзин-өзи басқарыў ҳәм финансластырыўға ерисиў болып есапланады.

Фермер-хожалық кәрханасының ис-ҳәрекетин анализлеў ушын тийкарғы таяныш бул бухгалтериялық ҳәм материаллық есап ҳүжжетлери тийкарғы дерек болып есапланады. Фермер хожалық ҳәрекетин анализлеў ушын улыўма экономикалық илимлери тийкарланады. Оларға: финанс, бухгалтериялық есап, статистика ҳәм тағы басқалар.

Анализде баланслық теңсалмақлық бул улыўма сумманың сәйкес келиўине, техникадан пайдаланыў арқалы олардан келип түскен дәраматлар ҳәрекетин билдиреди. Фермер хожалығы ис ҳәрекетин анализлеўде салыстырыў усылы сапалы баҳаланады. Ағымдағы жылдағы көрсеткишлер өткен жылдағы усы ўақытқа салыстырғандағы көрсеткишлер менен салыстырыў арқалы анық жуўмақларға алып келеди.

# ЖУЎМАҚЛАЎ

Өзбекстанда экономиканы реформаластырыў, базар қатнасықларына өтиўде республиканың бар перспективаларынан нәтийжели пайдаланыў ҳәм оның мәплерине сәйкес келетуғын шәртлерде бирге ислесиўди әмелге асырыў принциплерин усыныў тығыз байланысқан ҳалда алып барылмакта. Республикада көп укладлы экономика тийкарларын ҳәм экономиканы мәмлекет тәрепинен басқарыўдың пүткиллей жаңа механизмин жаратыў, базар қатнасығына өтиў процессинде жүзеге келетуғын машқалаларды шешиў барысындағы алып баралып атырған жумыслар пикиримиздиң айқын дәлили.

Халық-аралық қатнасықларда республиканың сиясий тәрептен тән алыныўы, бар сиясий турақлылық ҳәм өткизилип атырған экономикалық реформалардың артқа қайтпаўының белгилениў, оның дүнья жүзи жәмийетине кирип баратырғанының тийкарғы факторы болып саналады.

Усы курс жумысым бойынша бизге төмендеги жуўмақларды шығарыў мүмкиншилигин береди.

1. Республикада социаллық бағдарланған базар системасының түрлениўи ҳәм раўажландырылыўы нәтийжесинде аўыл хожалығы техникасын ислеп шығарыў тараўын нәтийжели болыўына үлкен итибар берилмекте. Булардың ҳәммеси ҳүкиметимиз тәрепинен аўыл хожалығы техникасын ислеп шығарыўды хошаметлеў барысындағы алып барылып атырған экономикалық сиясаттың нәтийжеси.

2. Соның менен бирге усы тараўдағы айырым тәреплерди қайта көрип шығыў мақсетке муўапық:

- қурамалы реформалар бағдарламасын әмелге асырыў процессинде ислеп шығарыўды шет ел тәжирийбесинен келип шыққан ҳалда шөлкемлестириў керек;

- аўыл хожалық техникасын ислеп шығарыўшылар ушын дүнья жүзи баҳаларында сатыў ҳуқықын бериў, жеке саўда компанияларын пайда етиўге рухсат берилсе мақсетке муўапық болар еди.

3. Республиканың аўыл хожалық техникасын ислеп шығарыў ҳәм сатыў тараўындағы стратегиялық мақсети республика кәрханаларында техниканың сапасын ҳәм бәсекеге шыдамлылығын асырыўға қаратылыўы керек. Бирақ ҳәзирше мәмлекетимизде бул мақсетлерге ерисиў ушын жетерли жағдайлар жаратылмаған.

Фермер хожалық өндирисин раўажландырыў, нәтийжелигин арттырыў, жоқары өнимдарлыққа ерисиўде фермер хожалық техникаларынан пайдаланыў әҳмийетли орынды ийелейди.

Фермер хожалығының материаллық-техникалық базасын пайда еткеннен кейин, фермер хожалық өнимлерин көбирек жетистириў мүмкин. Сол себепли мәмлекетимиз тәрепинен фермер хожалық тараўын жедел раўажландырыў, технткалық базасын жақсылаў мақсетинде машинасазлыққа үлкен капитал қойылмалар ажыратып, фермер хожалық тракторлары, комбайнлер ҳәм автотранспорт қураллары менен тәмийнлеўди жолға қойды. Мине, усы илажлар нәтийжесинде фермер хожалығы тармағына хызмет көрсетиўши машина трактор парклери (МТП) саны ҳәм сапасы сезилерли өзгерислерге алып келди. Бул МТП лериндеги техникалар менен тәмийнлеўи жетилискени менен олардан пайдаланыўда белгили дәрежеде қәте-кемшиликлер, машқалаларда бар. Олардан баслысы бул техникалардан пайдаланыў баҳасының қымбатлығы, оларға жумсалатуғын шығынлардың дурыс жолға қойылмағанлығын айтсақ болады. Бул жоқарыда айтылған машқалалар, қәте-кемшиликлер питкериў қәнигелик жумыста айрықша атап көрсетилген.

Мине, усы пикир ҳәм усынысларды әмелге асырыў менен бирге фермер хожалық техникаларынан пайдаланыўды бухгалтериялық есапта есап-китапжумысларын еле де жетилистириўге жәрдем береди. Бул илажларды

жетилистириўде тийисли министрликлер ҳәм институтлардың тығыз байланыста болыўы үлкен әҳмийетке ийе.

Пайдаланылған әдебиятлар:


1.Асосий вазифамиз – Ватанимиз тараққиёти ва халқимиз фаровонлигини янада юксалтиришдир. – Президент Ислом Каримовнинг 2009 йилнинг асосий якунлари ва 2010 йилда Ўзбекистонни ижтимоий-иқтисодий ривожлантиришнинг энг муҳим устувор йўналишларига бағишланган Вазирлар Маҳкамасининг мажлисидаги маърузаси // Халқ сўзи, 2010 йил 30 январь.

2. Мамлакатимизни модернизация қилиш ва кучли фуқаролик жамияти барпо этиш – устувор мақсадимиздир. – Президент Ислом Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маърузаси // Халқ сўзи, 2010 йил 28 январь.

3. Ўзбекистон Конституцияси – биз учун демократик тараққиёт йўлида ва фуқаролик жамиятини барпо этишда мустаҳкам пойдевордир. – Президент Ислом Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Конституцияси қабул қилинганининг 18 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузаси // Халқ сўзи, 2009 йил 6 декабрь.

4. Абдуллаев А. Муфтайдинов К. «Кичик бизнесни бошқариш» Тошкент 2003 й

5. Акмурзин У «Дийхан-фермер хожалықларында бухгалтериялық есапты шөлкемлестириў» Нөкис 1996 ж.

6. Адильчаев Р. Назарбаев О «Тәбияттан пайдаланыў экономикасы» Нөкис «Билим» 2004

7. Расулов М. «Бозор иқтисодиети асослари» Тошкент 1999 й.

8. Назарбаев О «Менеджмент тийкарлары» Нөкис 1995 ж.

9. Назарбаев О. «Экономикалык теория» Нөкис 2001 ж.

10. Тлеубергенов Ш. Назарбаев О. «Агроэкономика ҳам агробизнес тийкарлары» Нөкис 1998 ж.

11. Журнал «Пул, кредит ва банк» 2002 йил №8, №9 2003 №3 №10 2004 №10 №12

12. Убайдуллаев К. Регулирование экономических отношений и его роль в развитии и повышений эффективности сельскохозяйственного производства в Республике Каракалпакстан Нукус 2000 г.

13. Усмонов С «Фермер ва деҳкон хужаликлари» Тошкент 2002 й

14. Убайдуллаев Х. Джумагалиева Г. Проблемы и перспективы развития фермерских хозяйств в Республике Каракалпакстан Нукус 1995 г

15. Худойбердиев З. Ходжитдинова Н. «Иқтисодий билим асослари»Тошкент 2000 й.